

SOAL ULANGAN BAHASA SUNDA

NAMA :

KELAS : 5D

I. PILIH JAWABAN ANU BENERNA!

Bare'to mah mun usum pane'n the pangulinan barudak ge' sok milu pindah ka sawah. Ngadon ngarala jarami dijarieun ole'-ole'an. Puguh matak resep tur nineung mun urang nyawang ka mangsa ka tukang.

1. Ole'-ole'an mangrupa kaulinan barudak anu aya dina usum ...
 - A. Panen
 - B. Halodo
 - C. Hujan
 - D. Dangdarat
2. Cara ngulinkeun ole'-ole'an mah ...
 - A. Dikepre'k
 - B. Ditiup
 - C. Ditakol
 - D. Dicapit
3. Kaulinan ole'-ole'an dijieunna tina ...
 - A. Watang daun sampeu
 - B. Jarami
 - C. Jukut
 - D. Pucuk awi
4. Kaulinan anu sarua jeung ole'-ole'an, nyaeta ...
 - A. Empe't-empe'tan
 - B. Be'be'nte'ngan
 - C. Endog-endogan
 - D. Cacaburange
5. Kaulinan nu ilahar sok diulinkeun ku barudak awe'we mah ...
 - A. Sondah
 - B. Gatrik
 - C. Kasti
 - D. Engkle'
6. Kaulinan gugunungan te'h mangrupa kaulinan paluhur-luhur nyieun gugunungan tina taneuh, biasana dina ...
 - A. Keusik
 - B. Taneuh ngebul
 - C. Taneuh liat
 - D. Leutak

7. Kelompok kecap barang anu biasa aya di sakola, nyaeta ...
 - A. Siswa, guru, sawah
 - B. Guru, bor, kelas
 - C. Polisi, masjid, lapangan upacara
 - D. Satpam, guru, sape'dah
8. Kaulinan barudak anu cara ngulinkeunana merlukeun strategu, nyaeta ...
 - A. Be'klen
 - B. Damdaman
 - C. Cingciripit
 - D. Engkle'
9. Tati nyapuan pakarangan imahna
Kalimah diluhur mun dirobah kanu kalimah pasip jadi ...
 - A. Imahna Tati keur disapuan
 - B. Pakarangan imah keur disapuan ku Tati
 - C. Pakarangan imah keur nyapuan Tati
 - D. Imah disapuan ku pakarangan Tati
10. Kalimah anu nuduhkeun kalimah aktif, nyaeta ...
 - A. Mana buku nu kuring?
 - B. Nini Uneh keur meuleum sampeu
 - C. Bal disepak ke Yana
 - D. Buku kuring disumputkeun ku Unang

II. NGAJE'N SIKEP

Pilih Bener atawa Salah kagiatan dihandap ieu

NO	Kagiatan		
11	Urang kudu bisa ngahargaan kana adat jeung budaya sorangan, hususna kaulinan urang sunda	BENER	SALAH
12	Kaulinan urang lembur keur kuring mah kampungan	BENER	SALAH
13	Kuring mah resep keneh ulin ka warung internet, tibatan kudu ulin kaulinan urang lembur	BENER	SALAH
14	Kaulinan urang lembur the geuning matak nyehatkeun awak	BENER	SALAH
15	Alusna mah di sakola the, hususna dina pelajaran basa Sunda, diajarkeun rupa-rupa kaulinan urang lembur	BENER	SALAH

16	Kaulinan urang lembur ngalatih urang jadi hirup sauyunan	BENER	SALAH
17	Kuring mah sok licik ka batur lamun keur ulin maen kaleci	BENER	SALAH
18	Kuring mah sok resep upama geus ulin gatrik the, eta bari sakalian olahraga	BENER	SALAH
19	Kuring mah resep lamun geus diajar kakawihan ku bapa guru	BENER	SALAH
20	Nini kuring mah pinter pisan kana sagala rupa kakawihan urang lembur	BENER	SALAH